



**Built to Lead**

Pou piblikasyon imedya: 6/22/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE REYALIZASYON KI FET NAN SESYON  
LEJISLATIF 2016 LA**

*Gouvènè a pibliye Rapò Fen Sesyon 2016 la [isit la](#)*

***Eta a vote yon Salè Minimòm \$15 nan tout Eta a, Konje Fanmi Peye 12 Semèn,  
Envestisman Rekò nan Enfrastrikti ak Ed Skolè, Mete fen nan Ajisteman  
Eliminasyon Eka ak Pi Ba To Taks Klas Mwayèn nan 70 Lane***

***239yèm Lejislati a Vote Tou Lwa pou Aplike Refòm Etik, Konbat Epidemi Ewoyin  
ak Opyoyid, Amelyore Sekirite nan Pasaj Anivo, Ogmante Depistaj Kansè Tete,  
Modènize Lwa sou Alkòl Eta a epi Mande Pou yo Fè Tès Plon nan Lekòl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo joi a te pibliye [Rapò Fen Sesyon 2016](#) la ki detaye reyalizasyon 239yèm Sesyon Lejislatif la. Bidjè FY 2017 la, pou sizyèm ane swivi, kenbe depans yo anba 2 pousan - pou pèmèt Eta a fè envestisman estratejik nan enfrastrikti ak edikasyon pandan y ap aplike pi ba to taks klas mwayèn lan nan 70 lane. Nan moman gwo ensètitud nasyonal, Gouvènè Cuomo ankò yon fwa reyini chanm ki divize - pou vote yon salè minimòm \$15, konje fanmi peye 12 semèn, refòm pou konbat efè devastatè desizyon Citizens United la ak yon plan konplè pou fini ak epidemi ewoyin ak opyoyid nan New York.

"Pwogrè sa ki reyalize pandan Sesyon Lejislatif ane sa ap gen yon vre enpak sou lavi plizyè milyon Nouyòkè atravè eta a," **te deklare Gouvènè Cuomo.** "Depi nan reyalizasyon revolisyonè nan bidjè a rive nan akò lejislatif nan dènye semèn yo, New York kontinye montre yon peyi ki toutan nan enpas, sa k posib lè yon gouvènman ap travay."

**BIDJE ETA NEW YORK FY 2017**

***Ogmante Salè Minimòm nan tout Eta rive \$15***

Salè Minimòm lan ap bay yon travayè yon lavi desan - kote jounen jodi a yon travayè foutaym ki gen yon fanmi kat moun epi ka resewa salè minimòm lan anba liy povrete a otomatikman. Bidjè FY 2017 la gen ladan yon ogmantasyon istorik nan salè minimòm lan, kote li rive \$15 lè pou tout travayè nan tout endistri atravè eta a.

- Pou travayè nan Vil New York kap travay nan gwo biznis (sila yo ki gen omwen 11 anplwaye) salè minimòm lan ap ogmante a \$11 nan fen 2016, apres a yon lòt \$2 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2018.

- Pou travayè yo nan Vil New York kap travay nan ti biznis (sila yo ki gen 10 anplwaye oswa mwens) salè minimòm nan ap ogmante a \$10.50 nan fen 2016, apresa yon lòt \$1.50 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2019.
- Pou travayè yo nan Konte Nassau, Suffolkk ak Westchester salè minimòm nan ap ogmante a \$10 nan fen 2016, apresa yon lòt \$1 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2021.
- Pou travayè yo nan rès eta a, salè minimòm nan ap ogmante a \$9.70 nan fen 2016, apresa yon lòt .70 chak ane apre jiskaske yo rive \$12.50 nan dat 31/12/2020 – apresa lap kontinye ogmante a \$15 sou yon kalandriye endekse kap fikse nan Direksyon Divizyon Bidjè a nan konsiltasyon avèk Depatman Travay.

Plis pase 2.3 milyon travayè sipoze resevwa pi gwo salè, sa kap mete \$15.7 milya nan ekonomi a.

**ATANSYON TELEVIZYON YO:** Wap jwenn videyo pakou New York pou rive nan salè minimòm \$15 [ISIT LA](#).

### ***Vòt Pwogram Konje Fanmi Peye ki pi Solid nan Peyi a***

Okenn moun pa ta dwe gen pou chwazi pou yon jou travay peye oswa pran swen yon paran pwòch. Etazini se youn nan sèl peyi devlope nan mond lan ki pa bay konje fanmi peye nan tut peyi a. Bidjè FY 2017 la gen ladan pwogram konje fanmi peye ki pi long ak pi konplè nan peyi a.

Lè li fin byen enpleman, anplwaye yo ap kalifye pou 12 semèn konje fanmi peye lè yap pran swen yon timoun, yon manm fanmi ki gen yon maladi grav oswa pou retire presyon sou fanmi an lè yo rele yon moun nan sèvis militè aktif. Benefis yo ap pwogresif apati 2018 nan 50 pousan nan salè mwayen anplwaye chak semèn, plafonnen nan 50 pousan nan salè mwayen nan tout eta a, epi aplike nèt nan lane 2021 nan 67 pousan nan salè mwayen pa semèn yo, plafonnen nan 67 pousan nan salè chak mwayen pa semèn nan tout eta a. Pwogram sa ap finanse antyèman gras a yon dediksyon pewòl nominal sou anplwaye yo konsa li pap koute biznis yo – alafwa gwo ak piti– anyen. Anplwaye yo kalifye pou patisipe apre yo gen sis mwa depi y ap travay pou patwon yo.

**ATANSYON TELEVIZYON YO:** Wap jwenn videyo reyalizasyon New York pou l gen pwogram konje fanmi peyi pi solid nan peyi a [ISIT LA](#).

### ***Envesti nan Enfrastrikti ak Plan Devlopman \$100 Milya Dola***

Yon priyorite santral nan ajanda 2016 Gouvènè Cuomo a se enfrastrikti Built to Lead la ak pwogram devlopman - yon inisyativ anbisyè san parèy pou transfòmè eta nou an epi mete baz pou siksè nan syèk kap vini an. Ak \$100 milya nan pwojè kap mache, New York ap modènize JFK, Stewart and Republic Airports, l ap konstwi yon nouvo ayewopò nan LaGuardia, pou ogmante kapasite sistèm transpò piblik li a, renove Penn Station, agrandi Javits Convention Center, konstwi yon nouvo Tappan Zee Bridge, epi envesti nan plis wout, pon ak tinèl pase anvan - pou soutni devlopman New York nan syèk kap

vini an pandan l ap kreye 250,000 dyòb konstriksiyon.

### **Investiman Rekò nan Transpò**

Enfrastrikti transpò rezilyan ak efikas esansyèl pou garanti ekonomi Eta New York kontinye ap devlope nan syèk kap vini an. Bidjè FY 2017 la sipòte \$55 milya nan plan investisman transpò Eta a, - ki gen ladan \$27.14 milya pou Pwogram Kapital Depatman Transpò ak Pwogram Thruway ak \$27.98 milya pou Pwogram Kapital Metropolitan Transportation Authority. Investisman yo ap konstwi wout, pon ak ayewopò pi solid atravè eta a, epi ap modènize anpil nan sistèm transpò piblik la nan rejyon New York City.

### **Kreye Opòtinite Atravè Edikasyon**

Fòs fiti ekonomik Eta New York chita sou kapasite jenerasyon ou an kap vini an. Bidjè FY 2017 la gen ladan \$24.8 milya nan Èd Lekòl, kantite lajan ki pi elve nan listwa, ak \$6.5 pousan ogmantasyon sou lane pase. Lajan sa ap sipòte preske 700 distri lekòl ak 2.8 milyon elèv nan klas pre-matènèl jiska klas 12yèm ane.

Bidjè FY 2017 la gen ladann tou \$175 milyon pou transfòme lekòl ki fayi ak lòt lekòl ki gen gwo bezwen nan lekòl kominotè; ogmante sipò pou lekòl chatè nant tout eta a jiska \$430 dola pa elèv; epi elimine Ajisteman Eliminasyon Eka \$434 milyon an nèt.

### **Koupe Taks**

Koupe nan tak klas mwayèn ap rapouswiv rekò New York nan gwo soulajman taks anba lidèship Gouvènè Cuomo. Bidjè FY 2017 la koupe taks klas mwayèn lan nan Eta New York. Nouvo rediksiyon pousantaj taks sa yo ap ekonomize Nouyòkè klas mwayèn yo preske \$6.6 milya nan sèlman premye katran yo, avèk ekonomi chak ane ki rive nan \$4.2 milya disi lane 2025. Apeprè 4.4 milyon deklaran ap benefisye odebi, pou pase nan 6 milyon yon fwa l fin enplemante pou ekonomize yon mwayèn \$698 pou chak deklaran. Nouvo koup nan taks la ap kòmanse nan lane 2018.

Yon fwa li fin aplike, nouvo pousantaj taks klas mwayèn ap pousantaj ki pi ba depi pase 70 ane. New York gen tou pi ba tak sou antrepriz depi 1968 ak pi ba taks sou izin depi 1917.

### **Pwoteje Anviwonman Nou**

Gouvènè Cuomo pran angajman pou l investi nan pwogram pwoteksyon investiman ak enèji kap pwoteje espas louvri nan New York pandan l ap devlope ekonomi eta a. Bidjè FY 2017 la ogmante finansman Fon Pwoteksyon Anviwònman an rive \$300 milyon - pi wo a nan istwa eta a - pou tè agrikòl ak konsèvasyon espas louvri, resiklaj minisipal ak revitalizasyon bòdmè. Bidjè FY 2017 la gen ladann tou \$200 milyon pou sipòte enfrastrikti dlo kominote yo; \$130 milyon pou amelyore pak ak teren Eta a; ak finanman pou fòme yon jenerasyon travayè enèji pwòp k ap sipòte angajman san parèy Eta New York pou nou san chabon disi lane 2020.

**ATANSYON TELEVIZYON YO:** W ap jwenn video lidèship New York nan anviwònman [ISIT LA](#).

## **REYALIZASYON LEJISLATIF**

### ***Batay kont Citizens United ak Vòt Refòm Etik***

Gouvènè Cuomo te goumenepi te reyalize premye lwa peyi a pou diminye sou pouvwa kanpay depans endepandan ki te deklanche nan ane 2010 pa Tribinal Siprèm Etazini nan ka Citizens United kont. Komisyon Federal Eleksyon. Mete sou sa, Lejislati Eta a vote lwa ki mande pou otorite eli ak lejislasyon ki kondane pou koripsyon pou yo pèdi pansyon yo epi ranfòse egzijans piblikasyon pou lobbyist, konsiltan politik ak òganizasyon 501(c)(4).

### ***Envesti nan lojman bon mache ak Konbat Sanzabri***

Garanti lojman pou tout Nouyòkè se yon poto mitan nan kenbe kominote dinamik ak nan kenbe ekonomi Eta New York la djanm. Sesyon Lejislatif la, Gouvènè a ak Lidè Lejislatif yo te dakò pou fè plis pase \$570 milyon dola nan resous eta a vin disponib pou vance konstriksyon kapital ak operasyon sou premye 1,200 intite lojman sipò yo nan kad plan an.

Finansman kapital ak operasyon an konplete demann ki fenk soti pou pwopozisyon pou sèvis ak sibvansyon fonksyonman; ansanm, fon kapibal, sèvis ak fonksyonman yo ap garanti reyalizasyon atan premye 1,200 inite nanplan eta a pou kreye 6,000 inite lojman sipò sou pwochen senk ane yo, 20,000 inite lojman sipò sou kenz pwochen ane yo, ak kreyasyon oswa konsèvasyon 100,000 inite lojman bon mache sou senk pwochen ane yo.

### ***Konbat Epidemi Ewoyin ak Opyoyid***

Adiksyon ewoyin ak opyoyid se yon epidemi nasyonal kap kontinye ravaje fanmi nan kominote yo toupatou nan Eta New York. Ovèdoz ewoyin se koz prensipal lanmò aksidantèl nan Eta New York. Se priyorite Gouvènè Cuomo pou l vote plan pi agresif peyi a pou konbat konsomasyon ewoyin ak opyòd, epi li te jwenn apeprè \$200 milyon nan Bidjè FY 2017 la pou l rive fè l.

Sesyon sa, ansanm ak Gouvènè Cuomo, Lejislati Eta a te vote yon ansanm pwojè lwa ki atake rasin pwoblèm lan epi garanti swen pou sila yo ki toksikomann. Lwa yo gen ladan yo pwovizyon pou limite preskripsyon egzajere opyòd epi pou retire obstak asirans pou pasyan entèn ak medikaman.

### ***Ogmante Aksè pou Tès Depistaj ak Tretman Kansè Tete***

Tès depistaj pou kansè tete, sa ki gen ladan mamografi, ka ogmante deteksyon maladi a nan bonè, lè tretman an pi efikas. Sepandan, obstak striktirèl, tankou manke lè biwo ki apwopriye, gen yon kokenn enpak sou kapasite yon fanm fè tès. Sesyon sa, nan tèt ansanm ak Gouvènè Cuomo, Lejislati Eta ta, te vote nouvo lwa pou ogmante kantite èdtan pou fè depistaj nan 210 sant mamografi ki nan lopital epi elimine difikilte asirans ki se yon chaj pou mamogram ak lòt pwosedi radyografi dyagnostik. Ansanm, inisyativ sa yo pral fè plis fi nan eta jwenn aksè a sèvis ansanm avèk swen sante ke yo bezwen ak merite.

### ***Amelyore Sekirite nan Pasaj Anivo***

Pou amelyore sekirite nan pasaj anivo yo epi bese risk kolizyon ant tren ak machin nan Eta New York, nouvo lwa mande enspeksyon kowòdone pi souvan sou aparèy kontwòl sikilasyon nan pasaj anivo, ogmante amann pou konpayi chemendfè ki pa rapòte aksidan, aliyen lwa eta a ak egzijans federal pou fè rapò konsènan enspeksyon pon wout ray, epi ogmante amann pou chofè residivis koupab ki dezobeyi lwa ak egzijans sekirite. Gouvènè a pral lanse tou yon pwogram pilòt pou amelyore sansibilizasyon chofè ansanm avèk konpòtman nan pasaj anivo atravè eta a.

### ***Modènize Lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl***

Pou modènize Lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl 80 lane Eta New York la, nouvo lwa amande lwa ki pèmèt alkòl vann bonè le dimanch epi ki fasilite jwenn lisans, epitou li gen ladann pwovizyon lojik pou ogmante vant, tankou otorize pwodiktè vann diven nan gwolè ou ka replen ak magazen likè pou vann anbalaj kado.

Lwa a chita sou aksyon rapid Gouvènè Cuomo pandan senk ane ki sot pse yo, tankou vote Craft New' Act la ki senplifye règlemantasyon pou endistri bwason an, sa ki lakoz nan yon ogmantasyon san parèy an twa pati pou lisans etablisman kap fè diven, brasri, distilri ak sidri sou senk dènye ane yo.

### ***Tès sou Dlo nan Lekòl pou Kontaminasyon Plon***

Pwazon plon ekstrèman danjere pou jèn timoun epi ka lakòz sèvo andomaje pou lavi. Lekòl nan New York pa oblije pou kounye a teste dlo potab yo pou plon, oswa enfòmè paran oswa otorite gouvènman sou rezilta yo. Lwa ki vote nan Sesyon sa fè New York vin premye eta nan peyi a ki mete yon egzijans nan regleman li ki mande pou yo fè tès sou dlo potab nan lekòl, enfòmè paran ak otorite lokal ak eta, epi bay konsèy pou asenisman pou asire genyen dlo pwòp ak san anje nan tout lekòl. Eta a ap finanse yon pati nan depans tès ak asenisman yo epi pral ranbouse depans sa yo sou yon kalandriye akselere nan sityasyon ijans.

###

W ap jwenn lòt nouvèl sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Leta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418